

PAREPATAN

Panatacara (pambyawara)

1. Pangertene panatacara

Panatacara kerep uga diarani dening bebrayan agung minangka panatacara pambyawara, pranata adicara, pranata titilaksana, pranata laksitaning adicara utawi Master of Ceremony (MC). Regeng, nges lan orane sawijining adicara iku dadi tanggungjawabe pranatacara. Pranatacara kuwi sawijining paraga(wong) sing duwe jejibahan nglantarake titilaksana (lakune) sawijining upacara adat temanten, kesripahan, resmi/ formal, pepanggihan (pertemuan), pajamuan (pesta), pangaosan utawa pentas (show) lan sapanunggale. Kaya dene ing acara upacara adat temanten Jawa, pranatacara kajibah nglantarake titilaksana (lakune) adicara ijab, pawiwahan lan pahargyan. Senadyan kaya mengkono kadhangkala ijab (jab Kabul) madeg dhewe ora gandheng karo adicara pawiwahan lan pahargyan (resepsi) temanten. Dene yen ing upacara kasripahan (kematian) juru panitilaksana (pranatacara) nglantarake upacara mbudhalake layon saka omah menyan sarean (kuburan). Pranatacara uga diarani master of ceremony (MC), pembawa acara, pambiwara, pranata adicara, pranata titi laksana, panata adicara, paniti laksana utawa pranata laksitaning adicara. Pranatacara yaiku paraga kang duwe jejibahan nata lan nglantarake acara utawa adicara.

Cecawis Sanguning Pranatacara

Murih jejibahan bisa kasil kanthi becik, pranatacara lan pamedhar sabda kudu bisa ngrengkuh sarat sarana kang baku yaiku :

a. Swara

Swara pinangka srana babaraning basa kudu kaudi supaya ulem, kung, dekung, membat mentul, kepenak dirungokake. Kedaling swara (metune swara) : tuladha ngeja abjad Jawa.

tuladha : rasa-rasane, utama-utamane, manis –manise, pendeng, rendheng, petel-pethel, lsp. Lagu (wirama) : Nyakup sora-lirih, dawa -cendheking swara, membat mentul, rikat-rindhik, lan lak-luking swara.. Lagu kang becik tumrape basa Jawa dirani dhekung

b. Busana / Ageman

Ajining raga gumantung busana, mula babagan busana iku uga kudu digladhi murih jejibahan kang diemban bisa kaleksanan kanthi becik Pranatacara lan pamedhar sabda kudu bisa ngadi busana kang bener lan pener, murwat, laras karo kahanan utawa kaperluwane ana ing upacara , rapi, lan tumata panatane.

c. Subasita

Trapsila utawa tatakrama uga kudu kagladhi kang becik , amarga trapsila kang kurang becik bisa ngurangi kawibawan jejereng pranatacara lan pamedhar sabda. Solah bawa aja digawe-gawe becik prasaja wae, anteng mantep nanging ora kaku.

Owah-owahan pasemon uga kudu kaudi supaya kabeh mau bisa nggambarake isining ati, kang tundhone jumbuh karo swasana.

d. Basa lan sastra

Basa kang digunakake pranatacara lan pamedhar sabda diudi sing bener, pener, becik,

endah, lan gampang ditampa utawa komunikatif. Basa kang becik yaiku basa kang trep panganggone. Supaya trep kudu ngeling:

- Sapa sing guneman
- Sapa sing tumanggap wawan gunem/audiens
- Sapa /apa sing digunem
- Kepriye swasanane (wektu, papan, kahanan)

Dene kawruh kasusastran tumrap kang kepengin nggayuh pranatacara lan pamedhar sabda kang gamben lan profesional nyakup: pepindhan, panyandra, wangsalan, parikan, tembang, purwakanthi Pewayangan, kawruh karawitan/gendhing-gendhing upacara manten, lsp

2. Perangan teks panatacara

Minangka kanggo ancer-ancer yen kanggo gawe ngrengrengan teks panatacara para siswa kudu weruh pokok-pokok teks panatacara mau. Dene pokok (batang tubehe) teks pranata cara, yaiku:

- o Salam pembuka. Salam pembuka kanthi tembung, “Asalamualaikum Warahmatullah wabarokatuh” (tumrap wong Islam), utawa tembung “nuwun kawula nuwun”.
- o Puji syukur konjuk marang Gusti ingkang Maha Kuwasa sarta ngaturake sholawat salam konjuk marang kanjeng Nabi Muhammad
- o Sapa aruh. Sapa aru utawa aruh-aruh marang kabeh para tamu undangan. Anggone sapa aruh mau diwiwiti saka wong sing paling tua nganti marang sing enom, saka sing pangkate luwih dhuwur nganti sing endhek.
- o Ancasing gati. Ancasing gati yaiku apa kang dadi tujuan saka adicara kang diadani (dilaksanakan) ing wektu iku paraga pranatacara kudu weruh kanthi gamblang ngenani adicacaaapa sing diangit dening panatacara kudu klop karo panyuwune sing duwe gawe, sarta kudu klop karo swasanane sarta cundhuk karo tatanan adat kang ana ing bebrayan (masyarakat) kono.
- o Panutup. Ing perangan panutup iki prantacaara nggatur marang para rawuh mungguh acara kang dirantam, sarta ngajak ngenut lakuning pahagyan kanthi kepenak
- o Salam penutup.

3. Unsur-unsur panatacara

Sarat Panatacara

Kanthi gladhen lan sarat laku pitung perkara. Dening Rama Sudi Yatmana (1989:1) di jlenterhake kanthi aran Saptama Pangolahing Raga, yaiku:

1. Magatra, yaiku bleger wewujudane rupa, adining sastra lan nyandang penganggo kang trep, pantes lan jangkep. Solah bawa sing luwes lan ora digawe-gawe
2. Malaksana, mlaku samlaku, sapecak sajangkah ditata runtut, luwes mrabawani, ora ingah-ingih lan ora wigah wigih sarta ora ngisin-ngisini
3. Mawastha, ngadeg jejeg, ora kendo, ora dhoyong
4. Maraga: ora grogi, ora wedi, ora gmeeter, anteb lan anteng obahe wawak, sirah, gulu, siku, asta lumrahe samadya ora katon ndhangak tangan kudu bisa nambahi cetha paa kagn diucapake.
5. Malaghawa, trampil kepara trengginas, cag ceg, lancar, gancar, sembada ing karya. Ora ngleler nanging uga ora katon grusa grusu
6. Matanggap, tanggap ing sakabehe swasana, sarta bisa andayani regenge swasana. Mula pranata cara uga bsa gawe gumrengsenge swasana prasat bisa aweh tetamba tumrap wong kang nandhang susah/ sungkawa
7. Mawwat: anteb, mantebm ngentasi purwa, madya lan wasaning karya. Dadi pranata cara kudu bisa ngedhaleni acara wiwit kawitan, tengahan, lan pungkasan acara

kanthi manteb lan sampurna. Aja nganti ana acara kagn kececer keliwatan uwal saka rantaman.

CONTO PRANATACARA

Assalamu'alaikum warahmatullahi wabarakatuh

Bissmillahirrahman nirrahim. Assolatuwasalamu 'ala asrofil anbiya'i wal mursalin. Wa'ala alihi wa sohbihi ajma'in. Ama ba'du.

Dumateng sesepuh, pinisepuh ingkang dhahat kinurmatan

Mangga kita muji syukur dhumateng Gusti Allah SWT. Ingkang sampun paring kesarasan kawilujengan inggih kita saget makempal wonten ing adicara meniko kanti sehat wal afiyat.

Para rawuh ingkang kinurmat, kula minangka pranatacara bade maosaken rantamaning adicara inggih meniko:

1. Adicara ingkang sepindhah inggih punika Pambuka
2. Waosan ayat suci Al Quran
3. Sambutan ketua panitia
4. Pengaosan
5. Penutup

Mangga kita miwiti adicara ingkang angka setunggal inggih punika pambuka. Adicara punika kita bikak kanthi waosan Bismillahirrahmanirrahim. Matur nuwun, mugi-mugi kanthi waosan menika saget lancer ngantos purnaning adicara, amin ya robbal alamin.

Acara ingkang nomer kalih inggih menika waosan ayat-ayat suci Al Qur'an, ingkang badhe katindhakaken dening Ustadzah Siti Fatimah, sumangga.

Dumateng penjenenganipun, kawula aturaken maturnuwun.

Acara ingkang angka tiga, inggih menika sambutan saking ketua panitia, dhumateng Bapak Kholiq dipun-sumanggakaken.

Maturnuwun dhumateng ketua panitia Bapak Kholiq.

Acara salajengipun inggih menika mauidloh khasanah, ingkang badhe dipun aturaken dening Ustadzah Siti Fatimah. Dhumateng penjenengaipun kasummanggakaken.

Maturnuwun kawulo aturaken, mugi2 punapa ingkang sampun dipun aturaken menika, saget mupangati.

Ndungkap purnaning adicara kawula minangka pranatacara, ngaturaken panuwun saha nyuwun agunging pangaksama bilih sadangunipun adicara kathah klenta-klentunipun. Wallahul muwaafiq iaa aqwamith thoriq wassalamu'alaikum warahmatullahi wabarakatuh.

